

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Urang Sunda nyaéta salah sahiji sélér bangsa di Indonesia anu ngahasilkeun rupa-rupa jenis kabudayaan. Unsur kabudayaan nu aya di tatar Sunda téh salah sahijina mangrupa kasenian, nyaéta ébréhan tina kereteg angen-angen manusa nu ngahasilkeun rupa-rupa kaéndahan, tur miboga fungsi pikeun méré kasugemaan batin. Kasenian ogé minangka média nu kawilang éféktif dina nepikeun informasi ka masarakat.

Informasi nu ditepikeun ngaliwatan kasenian téh kawilang loba di antarana sajarah, amanat, kahayang individu, ogé pikeun sumebarna agama. Ngaliwatan kasenian para walisongo ngagunakeun média *dakwah* salaku alat pikeun ngawanohkeun jeung mekarkeun agama Islam di Nusantara.

Suksés henteuna *dakwah* di hiji daérah gumantung kana kréativitas ulama anu nyebarkeunna, tur nyieun hal-hal nu bisa ngirut masarakat pikeun leuwih neuleuman agama Islam. Saperti nu aya di Désa Bojong, dina taun 1917 aya ulama anu nepikeun *dakwah* ngaliwatan kasenian nu kiwari éta kasenian téh masih hirup tur dijaga minangka ikon masarakat Bojong.

Urang Bojong nyebut ieu kasenian téh ku sebutan hadro, nu di sawatara daérah di Indonésia disebut *hadrah*, *hadroh*. Saperti di daérah Lampung Barat atawa di daérah Lampung séjénna masarakat nyebutna *butabu*, anu pihartieunna mah sarua nyaéta hadir atawa ngahadirkeun. Dina kontéks seni budaya kaagamaan di Indonesia, hususna Islam, seni *hadrah* ngawujud jadi kasenian anu hadir tur diwanohkeun bareng jeung mekarna agama Islam (Sedyawati dina Tim Penulis Balai Litbang Agama Jakarta, 2015, kc. 33). Ku kituna ieu hal kawilang penting pikeun mikanyaho prosés sumebarna agama Islam ngaliwatan média seni di tatar Sunda hususna di Désa Bojong.

Pintonan seni hadro di tiap daérah tangtu miboga ciri has anu béda-béda. Pikeun maluruh jeung ngabédakeun unggal pintonan, perlu didéskrripsikeun ti mimiti kasajarah, persiapan pintonan, prakna pintonan, jeung sabada pintonan nu ahirna bisa dipaluruh hal-hal anu ngabédakeun kasenian hadro di unggal daérahna. Najan kitu, ieu panalungtikan teu nepi ka ngabandingkeun kasenian

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hadro di Nusantara atawa di tiap daérah nu aya di tatar Sunda, tapi ieu panalungtikan tujuanna pikeun ngadéskripsikeun kasenian hadro nu aya di Désa Bojong pikeun kaweruh masarakat hususna masarakat Sunda umumna masarakat nu aya di Nusantara.

Niténan kana fungsi, ma'na, jeung upaya ngajaga tur ngawariskeun kasenian ka masarakat sabudeureunna, perlu dipaluruh palaku senina, alat-alat anu digunakeunna, ma'na jeung harti tina alat-alat anu dipakéna, kawih atawa solawat anu dilagukeunna, jumlah jalma anu ilubiung dina pintonanna, tur waktu jeung dina acara naon waé ieu kasenian dipintonkeunna. Tuluy tina kontéks kamasarakatanna, kumaha kalungguhan jeung fungsi ieu kasenian di masarakat, naha ngan saukur hiburan hungkul atawa aya ajén-inajén anu nyampak dina ieu kasenian pikeun ritual kaagamaan.

Lian ti kitu ieu hasil panalungtikan baris dijadikeun bahan pangajaran maca pikeun barudak SMP, nyaéta pangajaran maca artikel seni budaya Sunda. Perluna ieu kasenian hadro dijadikeun bahan pangajaran maca artikel lantaran dina kasenian hadro téh aya ajén-inajén anu luhung. Tur masarakat Sunda lian ti miboga rupaning kabudayaan atawa kasenian anu wujudna tradisi, aya ogé kasenian anu wujudna atawa nuansana Islami. Ku cara loba maca ngeunaan artikel kasenian atawa tradisi Sunda, siswa bakal nyangking pangaweruh ngeunaan rupa-rupa kasenian nu aya di tatar Sunda.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung ajén budaya sarta kasenian hadro nyaéta: (1) "Ajén Budaya Sunda dina Kasenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII" ku Ida Aridah taun 2013; (2) "Kasenian Bring-Brung di Kalurahan Ledeng Kacamatan Cidadap Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Srtuktural-Sémiotik)" ku Dwi Komarasari taun 2013; (3) "Kesenian Hadro Panca Musika pada Acara Muludan di Desa Bojong Kecamatan Bungbulang Kabupaten Garut" ku Eva Ismayantono taun 2010; (4) "Ajén Réligi dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut (Tilikan Sémiotik)" ku Try Permadi taun 2016.

Dumasar kana hasil studi pustaka, can aya nu ngaguar struktur jeung ajén étnopédagogik nu nyampak dina kasenian hadro, boh dina wangun skripsi boh

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina wangun tésis. Ku kituna pikeun ngeuyeuban pangaweruh kana kasenian anu nuansana Islami ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa mangpaat, hususna keur bahan pangajaran di sakola jeung nu nalungtik umumna keur masarakat.

Ku kituna panalungtikan anu judulna “Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Seni Budaya Sunda di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah nu patali jeung kasenian hadro nu baris ditalungtik perlu dirumuskeun sangkan leuwih museur, dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur saméméh pagelaran, lumangsungna pagelaran, jeung sabada pagelaran kasenian hadro nalika dipintonkeun?
- 2) Ajén étnopédagogik naon waé anu aya dina kasenian hadro?
- 3) Kumaha kalungguhan jeung fungsi kasenian hadro di masarakat?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan kasenian hadro dijadikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus di antarana saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta “Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Seni Budaya Sunda di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” nyaéta pikeun ngawanohkeun kasenian hadro di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

- 1) Ngadéskrupsikeun struktur pagelaran kasenian hadro nu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 2) Ngadéskrupsikeun ajén étnopédagogik nu nyampak dina kasenian hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut;

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Ngadéskripsikeun kalungguhan jeung fungsi kasenian hadro di masarakat; sarta
- 4) Larapna hasil panalungtikan kasenian hadro nu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut pikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tiori, mangpaat kabijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tiori

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat umumna keur masarakat hususna keur siswa, sangkan leuwih reueus tur resep maca artikel seni budaya Sunda. Ngaliwatan artikel seni budaya Sunda dipiharep bisa ngarojong daya maca tur nambahan pangaweruh siswa dina widang kasenian nu patali jeung kaagamaan nyaéta kasenian hadro anu nuansana Islami.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun kawijakan pamaréntah, hususna dina prosés kamekaran kabudayaan nu patali jeung kasenian salaku média pikeun ngawadahan minat jeung bakat masarakat, boh nu aya di lingkungan Désa boh di lingkungan kapamaréntahan pusat. Supaya masarakat leuwih reueus tur nyekel pageuh kana ajén-inaén kabudayaan nu aya di lingkunganna.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh, hususna pikeun bahan pangajaran di sakola, umumna pikeun masarakat.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan kasenian hadro nu miboga ajén-inajén nu luhung pikeun masarakat. Kasenian hadro minangka

média *dakwah* nu di jerona miboga ma'na *ketauhidan*, nyaéta kacinta ka Allah SWT, jeung Nabi Muhammad SAW.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nulis dina ieu tesis ngawengku lima bab, nyaéta:

- 1) **Bab I Bubuka**, eusina medar kasangtukung masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis;
Bab II Kajian Tiori, eusina medar tatapakan tiori ngawengku kasenian, kasenian hadro, pangajaran, maca, bahan ajar maca artikel seni budaya Sunda dina kurikulum, ajén struktural, ajén étnopédagogik, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir;
- 2) **Bab III Méthode Panalungtikan**, eusina medar désain panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data, analisis data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan;
- 3) **BAB IV Hasil Analisis jeung Pedaran**, eusina medar hasil analisis jeung pedaran unsur struktural jeung ajén étnopédagogik dina kasenian hadro nu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut, tur peran jeung fungsi ieu kasenian di masarakat. Hasilna dilarapkeun pikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP.
- 4) **Bab V Kacindekan jeung Saran**, eusina medar kacindekan hasil panalungtikan jeung saran keur panalungtikan satuluyna.